ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАУЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№131 (22.289) ● 2012 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 12, махуэку ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Гу зылъытапхъэ

Урысейр зи хэкуу къалъытэнухэр

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иджыблагъэ хэтащ УФ-м и лIыкIуэхэмрэ нэгъуэщI щIыналъэхэм зэпымыууэ щыIэ Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэмрэ я зэIущIэу Хамэ къэрал Iуэхуэмкlэ министерствэм щекIуэкIам. Абы къыщыщIэпсалъэм къэрал унафэщIым кьыхигъащащ УФ-м и гражданствэр етыным щыхэпльэкIэ, а Iуэхур СССР-м и цIыхуу щытахэм, апхуэдэуи къыдыгъэгъуIазэр Совет Союзымрэ Урысей империмрэ къыщалъхуахэм ящыгъэпсынщIэныр зэрыфIэтэмэмыр, къат «РосБизнесКонсалтинг» хъыбарегъэщIэ агентствэм.

ПРЕЗИДЕНТым кьыззрипльатэмкIэ, «хамэ къэрал зэпымыуэ щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм яIэ мыхьэнэм иджыри фIыуэ егупсысжьыпхъэщ, сыту жыпIэмэ, абыхэм ящыщ куэд я адэжь щIыналъэу къалъытэ Урысеим сэбэп къыхуэхъуну, къыдэIэпыкъуну хуейщ. Апхуэдэу щытми, хамэ къэралхэм щылажьэ ди Iуэхущ1апIэхэу ахэр зэкIуалIэхэм апхуэдэ гупыжьым хуэфащэ пщIэм гульытэ щыхуащIыркъым кIи мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум тэмэму телажьэркъым».

Къыхэгъэщыпхъэщ Президентым и жэрдэмым и фIыгъэкIэ, урысей паспортыр къыдахьнымкIэ Iэмалхэр Польшэм, Финляндиэм, США-м, Ираным, апхуэдэуи зи щIыналъэр Урысей империм хыхьэу щыта нэгъуэщI къэралхэм я цIыхухэм яIэ зэрыхъуар.

Путин Владимир зэIущIэм апхуэдэу щыжиIащ Урысейр, Европэмрэ США-мрэ визэнщIэу зэкIэлъкIуэу щытыным ди къэралыр зэрыхуэхъэзырыр.

- Визэхэр зыкъызэридах хабзэр нэхъ тынш щIын хуейщ, иужькIэ ар щымыIэжьыхэзным хуэкIуапхъэщ. Урысей лъэныкъуэр а лъэбакъуэм иджыпстуи хуэхъэзырщ. Къэрычэт зэдэтщIэу щIэх-щIэхыурэ дащыхуэзэкIэ, европэ къралхэм щыщ ди лэжьэгъуэм тегъэчыныхьауэ и гугъу ящI а Iуэхур щIэгъэпсынщIэным, - къыхигъэщащ къэралым и унафэщIым.

Путин Владимир къельытэ визэ хабзэр ямыкъутэжауэ, «итэжьIапIэкIэ зэгъэнэгъуэ уэзрымыкъуфынур». ЗэIущIэм кърихьэлIахэм абы апхуэдэуи ягу кIиргъэкIыжащ Мексикэм и Лос-Кабос кьалэм «США-м и президент Обамэ Барак куп1ЩафIэу зэрыщепсэльыпIар», а Iуэхум пЪэныкъуэхэм я сэбэп зэрыхэлъым абыи щыхьэт зэрыщытекъуар.

Урысей гражданствэр кьыдэхьным пыща Iуэхуэгъэ ди хэкуэгъуэм ящыгъэпсынщIэныр зэрыфIэкъабылым теухуауэ къэралым и Президент Путин Владимир жиIам ипкъ иткIэ апхуэдэ хабзэщIэ кьащтэмэ, адыгэхэр я адэжь щIыналъэм къэкIуэжынымкIэ ар сэбэп хьуну кьалъытэрэ щэрджэс жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм?

Ахэр зэрепльымкIэ, кьэкIуэжьну хуейхэм а Iуэхур ипэжыпIэкIэ ящигъэпсынщIэн щхьэкIэ, сыт хуэдэу щытын хуей а хабзэр?

Апхуэдэ хабзэм лажьэу щIидзэмэ, Сириеми нэгъуэщI къэралхэмэ кьыкIыжьнуэхэр куэдкIэ нэхьыбэ хьуну фыщыгугъ?

«REGNUM» хъыбарегъащIэ агентствэм и упщIэхэм жэуап ирет Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд:**

- Сыщогугъ. Псом хуэмыдэу нэхъыбэ хьуну кьызольытэ Сириемрэ Иорданиемрэ кьикIыжьнухэм я бжыгъэр. А къэралхэм щытыкIэр ильэс плитIу хьуауэ щызэщIагъаплъэ муслымэм, палестин оппозицэхэм. А щIыналъэхэм щыпсэу щэрджэсхэр я тельхьэ мыхьэмэ, зы бэлыхь къращIэнкIэ щагъэшIэнэ эжьым кьызэрихьуар. Дамаск и куейхэу ди хэкуэгъуэхэр щыпсэуэхэм зауэ гуащIэхэр зэрыщекIуэкIрэ къуэд щакьым. А гуэзвэгъуэм кьыхэкIыу Урысеим икIэщIыпIэкIэ кьэкIуэжьну хуейщ зи псэм тешыныхь цIыхухэр. Абы ещхь щытыкIэм итщ Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэри - палестинхэр уэрамхэм мыззэ-мытIэу кьыдыхьащ, а къэралым и пащтыхь Абдалла ЕтIуанэр текIым хуейуэ кьагъэуву. Щэч кьытезмыкъэу жысIэфынущ а къэралым щыпсэу ди хэкуэгъуэхэри «шумэданэм зэрытесыр», сыту жыпIэмэ палестинхэм Иорданием власты щызыIэрагъэхьэмэ, абыхэм щэрджэсхэм кьыхуагъэгъунукъым пащтыхым и унагъуэм кьуэту, власты и тельхьэу сыт щыгъуи кьыззрекIуэкIыр. Псальэм папщIэ, Iэщэкlэ зэщIэуэзда пластинхэр 1970 гъэм зэтезыкьутахэм яхэтащ щэрджэс генералхэр.

Урысеим и цIыхухэр Тырким, Иорданием, Израилым, Сирием зэрыкIуэфым хуэдэ дыдэу, а къралхэм щыпсэу ди хэкуэгъухэри Урысеим кьэкIуэну Iэмал яIэн хуейуэ кьызольытэ. Псом япэрауэ, визэ кьыдэхьын хуейуэ кьэзыгъэув хабзэр кьутэжьипхъэщ, лъэныкъуэитIыкIи апхуэдэ гъэпощхьэпо щыщымыIэу. Абы и upжьыкIэ, губзыгъэ зыхэль лъэбакъэуэ увынт кьэзыгъэзэжхэр къэралитIми я цIыхуу къэлытэнкIи. Апхуэдэ хабзэ ди къэралым щыувамэ, Урысеим кьэкIуэжхэр куэдкIэ нэхьыбэ хьунт.

Урысеим и цIыхуу укьалытэным гугъуехь пымыщIауэ щыщытынум адыгэхэр ильэс куэд хьуауэ поплъэ, кьызытехьукIаэхэр Совет Союзымрэ Урысей империмрэ кьыщалъхуа нэгъуэщI лъэпкъхэми хуэдэу.

Ди хэкуэгъуэхэр щыпсэуну ирагъэблэгъащ США-ми, Тыркуми, нэгъуэщI къэралхэми. Ауэ, си гугъэмкIэ, абыхэм я дежкIэ гъуэгу нэхь пэжыр Хэкужьым, Урысеим, кьыхуэхьуэжырщ.

Дыгъуасэ КъБР-м щыIащ Абхъаз Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 Лакербая Леонид зи пашэ лIыкIуэхэр, Ахэр яхуэгъэзащ иджыблагъэ дунеим ехыжа щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, цIыхубэ тхакIуэ Нало Заур и унагъуэмрэ и Iыхьлъхэмрэ.

- ДЭ адыгэлI щыпкъэ тфIэкIуэдащ, - жиIащ Лакербая Леонид. - Зы абхъаз унагъуи щыIэу кьыщIэкIынкъым Нало Заур зымыщIыху. Абхъазым и щхьэхуитныныгъэр кьэзэзунымрэ зэкъуэшхэр зэкъуэгъэзэувэнымрэ Заур хилъхьа гуащIэм и инагъыр кьэлъытэгъуейщ. Дэ ди кьалэн нэхъыщхьэу кьэтхьытыр а зэтраубла зэпыщIэныгъэхэр дымыгъэкIуэдынырщ, Нало Заур, Сосналы СулътIан хуэдэхэм дыззрыцэпащIа лъэмыжыр тхъуэмынырщ. Ар тхуэзэфIэкIмэ, абыхэм я уэсэтыр дгъэзащIэу аращ. Гуэзвэгъуэ къыщытлъысам дыззрызэкъуэувам хуэдэу, мамыр гъащIэм щыщIэзрыIыгъын, дыщыззрылъытэн хуейщ.

Абхъаз Республикэм и Президентри кьаззрыхуэщыгъуэр Налом и унагъуэм яжриIэжащ Лакербая Леонид, мылъкуKIи защIигъэкъуащ.

Лакербая Леонид, АР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр, тхакIуэ Начкебиа Даур, Кавказ Ищхъэрэм щыщу Абхъазым щыззэуахэм я Iуэхуэкlэ АР-м и Президентым деж щыIэ уполномоченнэ Чамагуа Ляля, Педагогикэмкlэ институтым и унафэщI Кокоскир Иринэ сымэ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр ПхъэкIуэ Начкебиа Даур, Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ Абхъазым щыззэуахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Яхэгъуауэ Сергейрэ я гъуэгу щыIащ Налшык къалэ дэт 32-нэ курыт еджапIэмрэ программазие №34-мрэ. ХьэщIэхэм кьыхагъэщащ унэр щIын нэхърэ зепхьэныр зэрыгъуэгъ. Ар жаIэн хуей щIэхъуар зэрауэхуэрэ мы гъэм ильэс 50 ирикъу прогимназием и пэщэхэр зэрыкъабзэр, зэрыдахэр ягъэщIэгъуати аращ. Абхъазым кьэкIаIахэр щIэупщIащ анэдэлъхубзэхэр егъэджэныным, тхьилъхэр кьыдэгъэкIыным ныМ пыщIа Iуэхуэхэм. Абы теухуауэ езыхэм я гуныкъуэгъуэм щытепсэлъыхьым, кьыхагъэщащ анэдэлъхубзэр курыт школхэм щезыгъэджын егъэджакIуэхэр кьаззремэщIэкIыр.

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ я псалъэр нэхьыбэу зытращIащ зэкъуэш республикитIым ди зэпыщIэныгъэхэр нэхъри гъэбыдэн, ди Iэтащ-хьэхэр, министерствэхэр, ведомствэхэр нэхъ купщIафIэу зэдэлажьэн зэрыхуейр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *тIихащ.*



Начкебиа Даур, Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Лакербая Леонид сымэ 32-нэ курыт еджапIэм и Iуэху зыIутхэм зыщагъэгъуазэ.

● Абхъазым и лIыкIуэхэр

Къытхуэгуэзэну, Iуэхухэм зыщагъэгъуэзэну

ХьэщIэхэр 34-нэ прогимназием щыIэу.

● Лэскэн куей

ЩIым толэжьыхь

Мы гъатхэм Лэскэн куейм жыгыпIэ зэмылIэужьыкIуэу гектар 50 щыхэсащ.

ЖьГ хадэхэр кьэзыгъэщIэрэщIэжьыным ехьэлIа кьэрал программэм инкъ иту, зи жужь ихьа мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэнущ, ди республикэм и адрей куейхэм елъытауэ гъавэ щIапIэхэр нэхъ кьэзыгъэщIэжI районым дежкIэ.

ЗэманкIэ дыззIэбэкIыжмэ, мы щIыпIэм пхъэщхьэмыщхьэ хадэу гектар мини 2 щыIащ. А Iуэхум зетыжьныр зи жэрдэм унафэщIхэм шэч кьытрахьэрхъым зэгуэряIа ехьэлIэныгъэр зэрызрагъэгъуэтыжьыфынум.

ЖыгыщIэхэм я щытыкIэм IэщIагъэлIэхэр иджыпстукIэ арэзы кьеущI. Ахэр егуГуу цIыхухэм зэрахьэ.

Мыгувэу Лэскэн районым щаухуэнущ пхъэщхьэмыщхьэхэкIэм щелэжьыну комбинат. Абы цIыху куэдым лэжьыгъэ IэнатIэ зэрыщагъэгъуэтынум и мызакъуэу, жыг хадэ гъэкIыным зезытахэм я сэбэпышхуэ хэлъынущ: кьрахьэлIэж пхъэщхьэмыщхьэхэр нэгъуэщI щыпIэхэм щащэкIэ гъуэгум трагъэкIуадэ ахъшэр кьахуэнэжу, я Iуэхум тыншу пэрытынущ.

Лэскэнэдэсхэм мы гъэм хадэхэкIхэмкIи я Iуэхур Iейкъым. Мыбы щачхуэ тонн мини 10-м нэс зыщIэхуэну хадэхэкI хъуманпIэ. Нащэ, помидор кьехьэлIэжьыгъуэхэм ирихьэлIэу ар хьэзыр хъуну мэгугъэхэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Тэрч куей

Гъэсэныгъэр псом япэщ

Новэ-Хьэмидей къуажэм иужьрей зэманым лэжьыгъэфI щрагъэкIуэкI кьыдэкIуэтей щIэблэр тэмэму гъэсэным теухуауэ.

КъУАЖЭ клубыр екьэжьауэ зыхуей хуэмыгъэзами, абы лэжьыгъэ хьарзынэ щокIуэкI. Сабийуэ 50-м нэс кьокIуалIэ кьэфэным, уэрэд жьIэным щыхуагъасэ кружокхэм.

Мы жылагъуэм гупыытэшхуэ щыхуащI физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ. Курыт еджапIэм баскетбольымкIэ, волейбольымкIэ, бэнэкIэ хуитымкIэ, шашкэмкIэ секцэхэр щолажьэ икIи гъэсэнхэр жыджэру хэтщ кьуажэ, район зэхьэзэхуэхэм.

Новэ-Хьэмидейм и унафэщIхэм я жэрдэмкIэ ильэситI и пэ жьылэм спортымкIэ унэ кьащIэзэIуахащ, мылэжьжэжу щыта дэрбзэр цехым иныгъа псэуалъэхэр зэрагъэпэщыжри. Мыбы кьекIуалIэ ныжьжыщIэхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми зэрыхэхьуэр и щыхьэтщ щIэблэ зэушIэ яIэным ехьэлIа лэжьыгъэр нэхьыжьхэм кьаззрыфIэIуэуэр.

Зохьыхьэр сыхьэти 10-м зубIэнущ.

ЦЕКЪУ ПатI.

● Зэ1ущIэхэр

Илъэсым и кIэм зэфIэкIын хуейщ

Узыншагъэр хьумэным и Iэнатlэм и модернизацэр 2012 гъэм и кIэм зэфIэкIын хуейщ.

КъБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэ Гертер Иван ар пщэрыльтэ ящищIащ Iэнатlэмрэ абы егъэщIылIа Iуэхущ1апIэхэмрэ я унафэщIхэм. Зэ1ущIэм хэтащ министрхэр, властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэр.

АБЫ щIытепсэльыхьащ узыншагъэр хьумэным и Iэнатlэм и модернизацэм и программэр гъэзэщIэным, жылагъуэхэр гъэкъабзэным, абыхэм щхьуантIагъэхэр щыгъэтIысным егъэщIылIа мазитI лэжьыгъэм кьрикIуахэм, мы гъэм и мэкъуаугъуэм дуней кьхъуэкъащIэхэм я зэранкIэ кьулейсызыгъэ зыльэIэса цIыху хуэмышIэхэм мыльку1э ядэIэпыкьуным тхьэщIылIа Iуэхухэм.

Премьерым КъБР-м Узыншагъэр хьумэныкIэ и министрествэмрэ абы пыща нэгъуэщI Iуэхущ1апIэхэмрэ гу лъагирэ Iэтащ УФ-м и адрей щIыналъэхэм елъытауэ ди деж узыншагъэр хьумэным и Iэнатlэр егъэфIэкIуэным хуэхаха республикэ программэр гъэзэщIа зэрыщымыхъуэм. КьыззрыкIэрыхуэм и щхьэусыгъуэхэм яшащI зыщ хуаутIыпща мыгъкур и чэзум кьыззрамыгъэсэбэпыр, узыншагъэр хьумэным и Iуэхущ1апIэхэр муниципальнэ унафэм кьыщIагъэкIыу республикэм иратыжыныр кIыхьлIыхь зэрыхъуар.

Правительствэм и Унафэщым ягу кьигъэкIыжащ программэр щагъэзэщIэн хуей пIалъэр зэрамыгъэпэхъунэр, абы куэд щыгугъ пэтми. «Iэнатlэм и модернизацэр 2012 гъэм и кIэм зэфIэкIын хуейщ. Абы кьыхэкIыу сэ мыбы кьеГэщIылIа Iуэхущ1апIэхэм я унафэщI псоми яхуэгъэзын иджырей щытыкIэр ирагъэфIэкIуэжыну нкIи программэм щыубыхуэ псори и чэзум ягъэзащIэну, - къыхигъэщхьэхуэхуащ Премьерым. Абы щIигъужащ республикэм и Iэтащхэ Кьанокъуэ Арсен пщэрыльтэ кьаззрыщищIам ипкъ иткIэ, мазищ кьэс республикэ программэхэр гъэзэщIа зэрыхъуэм теухуа зэ1ущIэхэр зэрырагъэжькIынур. Абыхэм министрествэхэм щыжаIэн хуейщ зэфIагъэкIаэр.

Премьерым КъБР-м щыIэ Росздравнадзорым и унафэщI Инжыжокъуэ Сэфарбий кьалэн щищIащ щIыхухэм медицинэ дэIэпыкьуныгъэ иратыну хунт зыщI лиценз1э яIэ, ямыIэм теухуауэ республикэм и дохутыр Iуэхущ1апIэ псори кьыпщIытэну. «ЦIыхухэм щеIэзэ Iуэхущ1апIэ псомри лиценз1эхэр яIэн хуейщ», - щIигъужащ абы.

Жылагъуэхэр гъэкъабзэным, зэ1уэпэщ щIыным, абыхэм щхьуантIагъэхэр щыгъэтIысным ехьэлIауэ ирагъэжьIуэкIа мазитI лэжьыгъэм кьрикIуахэм тепсэльыхьащ щIыуэпс кьуleигъэхэмрэ экологиемкIэ министр Гызыев Берт. Абы жиIащ кIэнщыбэ идзыпIэу 341-рэ зэрагъэсеир. КьулыкъущIэм и псалъэхэм тепщIыхьымэ, мазитI гъэжьыгъэм кьыхэжаныкIауэ кьаГъытащ муниципалитетэу 7 - Лэскэн, Прохладнэ, Аруан, Май, Шэджэм, Шэрэдж куейхэр, Прохладнэ кьалэр. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зыми хуамыгъэфащэну мурад ящIащ. Правительствэм и Унафэщым кьеГэтыгъ жылагъуэхэр гъэшIэгъэнэ теухуа гъэкIуэтыным щыщ. Абы къыщIэкIынущ Iуэхущ1апIэхэр зэрыщIагъэнэ щыгъэпсынщIэныр зэхьэныр. Псальэм и хьэтыркIэ, Мэкъумэш Iэнатlэмкlэ министерствэм пщэрыльтэ щащIащ администрацэхэм я гъуэгу гъуэгу Iуфэхэр зыхуэИ хуагъэзэну. Мэзхэмкlэ кьэрал комитетым хунгъэльэгъуащ ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ министерствэм дэщIыгъуэу щIыналъэхэм щхьуантIагъэхэр щыгъэтIысным теухуа гъэжьагъэм школаIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ хишэну.

ЗэIущIэм апхуэдэу кьыщIэтащ дуней кьэхъуэкъащIэхэм я эрран мы гъэм и мэкъуаугъуэм зэкIа унагъуэ хуэмыщIахэм мытхьукIэ ядэIэпыкьуным теухуа Iуэхур. Абы щыгъуэм кьеха уэм кьуажэдэсхэм я унэхэр Iисраф ищIащ, хьэсхэр ирихащ. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министр Тюбеев Альберт зэрыжиIамкIэ, ядэIэпыкьуну я мурадщ нэхъ хуэныкьуэ унагъуэхэу 60-м щIигъум. Абыхэм зэуэ иратынущ сом мин пщыкIутху-пщыкIутху.

Правительствэм и Унафэщым мы Iуэхум егъэщIылIа министрествэхэм я Iэтащхьэхэм гу лъагирэ Iэтащ бэджэндыфIажьэхэм епсэльэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «ЦIыхухэм хьыбар зэрырагъащIэ Iэнатlэхэр кьэвгъэсэбэп цIыхухэмрэ гъавэ тезыгъэхэмрэ иIэ мыхьэнэр ягурыгъэIуэн папщIэ», - жиIащ Гертер Иван.

ХЬэПЭ Маринэ,
КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Маниловэ Анэ и къулыкъу

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий УФ-м щихабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ къулыкъур дзыхь хуищIащ Маниловэ Анэ.

Иджырей къулыкъум и пэкIэ Маниловэм УФ-м туризмымкIэ и министрым и къуэдзэ кьалэнхэр игъэзэщIащ. 2008 - 2011 гъэмрэ Санкт-Петербург и вице-губернатору щытащ.

Партым и цIэр ихъуэжьыкIэ мэхъу

«Коммерсант» газетым зэритхымкIэ, хьэрычэтыщIэ Прохоров Михаил зи унафэщI «Гражданская платформа» партым и цIэр ихъуэжьыкIэ хьунущ.

Абы и щхьэусыгъуэр апхуэдэ фIэщыгъэцIэ зиIэ партыр ирагъэтхыну нэгъуэщI гупым Юстицэмкlэ министерствэм зэрызыхуигъэзащ.

Лондон кIуэнухэр ягъэнаIуэ

Урысейм и Политикэ Комитетым и исполкомымрэ УФ-м СпортымкIэ и министерствэм и коллегиемрэ я зэIущIэм щагъэнэфуащ базэуэгъуэм и 27-щыщхьэгъуэм и 12-хэм Лондон щекIуэкIыну Олимп Джэгуэхэм Урысеим икIыу хэтынухэр.

ХХХ Гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм Урысеим и цIэкIэ спортсмен 436-м спорт лIэужьыгъуэ 34-м я зэфIэкIрэ къаруурэ щагъэльэгъэнущ. Абыхэм ящыщу 228-р цIыхубзщ, 208-р цIыхухъущ. Командэм хагъэхьащ спортым щIимыIэ зиIэ и мастерхэу 165-рэ, спортымкIэ дунейпсо классым и мастерхэу 178-рэ, спортым и мастерхэу 75-рэ.

БэджэндыпщIэм хигъэхъуэну и мурадщ

Къыргызым зыхъумэжьымкIэ и министр генералмайор Омуралиев Таалайбек зэрыжиIамкIэ, Урысеим я къралым щиныгъ дзэ батэхэм щIат бэджэндыпщIэм 2014 гъэм щыщIэддзауэ хагъэхъуэну и мурадщ.

Мы зэманым Къыргызым урысей дзэ хэщIапIэу 4 щыIэщ. 2014 гъэм бэджэндзэ зэрата пIалъэр еухри, инфлятацэр кьалъытэу бэджэндыпщIэм хагъэхъуэну Урысейм зыхуагъэзэну я гугъэщ. Апхуэдэуи министрым кьыхигъэщащ базэхэр кьызэрагъэсэбэпыну пIалъэм адэкIэ кьыпащIэным зыльэкIуэнур.

«Урысей базэхэр Къыргызым зэрыщIыр лъэныкъуэтIми я сэбэп зыхэльщи, уасэмкIэ дыззрызэгурыIуэнум щэч хэлъкъым», - жиIащ Омуралиевым.

Фигу кьыдогъэкIыжыр УФ-м тель бэджэндыпщIэ щIыхуэу доллар мелуан 15,5-рэ Къыргызым гъатхэпэм зэрыритыжар.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 12, *махуэку*

t Нобэ Белоруссием кьыщIэIуах «Славянскай базар в Витебске» гъуэгуанэкIэ XXI дунейпсо фестивалыр. Ар бадзэуэгъуэм и 18 пщIондэ екIуэкIынущ.

t 1641 гъэм Балькъ дэж астрахъаныдзэм щыпэщIэту зауэм хэкIуэдащ Кьундет зэшхэр - Чэлмэтэ Елдарро.

t 1927 гъэм кьалъхуащ Урысейм, КъБАССР-м щIыхь зиIэ я скульптор **ТхъэкIумашэ Михаил.**

t 1947 гъэм кьалъхуащ социологие щIэныгъэхэм я доктор, Адыгей кьэрал университетым и профессор, Адыгей Республикэм и Президент **ТхъэкIушынэ Аслъэндзыркъ.**

Дунейм и щытыкIэнур

Нобэ Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 26-рэ, жэщым градус 17 щыIэнущ

Бадзэуэгъуэм и 13, *мэрем*

t Европэм ику, къуэкIыпIэ къэралыгъуэхэм я Банкхэм я ассоциацэм и илъэс зэIущIэ Мюнхен кьалэм (Германие) щекIуэкIынущ.

t 1908 гъэм Лондон кьыщызэIуахащ IV Олимп Джэгуэхэр. Абы яп1эдыу цIыхубзхэр хэтащ.

t 1930 гъэм Монтевидео (Уругвай) кьыщызэIуахащ футболымкIэ яп1э дунейпсо чемпионатыр. Абы къэрал 13 хэтащ. Уругвайр чемпион хьуащ.

t 1937 гъэм кьалъхуащ усакIуэ **Iрай Адыгэбий.**

t 1972 гъэм кьалъхуащ сурэтыщI-график **Пащт-Хьан Алим.**

Дунейм и щытыкIэнур

Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ, уэшх мащIэ кьыщIешхынущ, хуабэу махуэм градус 26-рэ, жэщым градус 18 щыIэнущ

Плэнэр зыгъэхьэзырар **УЭРДОКЪУЭ Женэ.**

Лъэпкъ Iуэщыгъэ:

Гур здэкIуэм кIуэфыр лIыфIщ.

● Гу зылъытапхъэ

Урысейр зи хэкуу къалъытэнухэр

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иджыблагъэ хэтащ УФ-м и лIыкIуэхэмрэ нэгъуэщI щIыналъэхэм зэпымыууэ щыIэ Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэмрэ я зэIущIэу Хамэ къэрал Iуэхуэмкlэ министерствэм щекIуэкIам. Абы къыщыщIэпсалъэм къэрал унафэщIым кьыхигъащащ УФ-м и гражданствэр етыным щыхэпльэкIэ, а Iуэхур СССР-м и цIыхуу щытахэм, апхуэдэуи къыдыгъэгъуIазэр Совет Союзымрэ Урысей империмрэ кьыщалъхуахэм ящыгъэпсынщIэныр зэрыфIэтэмэмыр, къат «РосБизнесКонсалтинг» хъыбарегъэщIэ агентствэм.

ПРЕЗИДЕНТым кьыззрипльатэмкIэ, «хамэ къэрал зэпымыууэ щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм яIэ мыхьэнэм иджыри фIыуэ егупсысжьыпхъэщ, сыту жыпIэмэ, абыхэм ящыщ куэд я адэжь щIыналъэу къалъытэ Урысеим сэбэп къыхуэхъуну, къыдэIэпыкъуну хуейщ. Апхуэдэу щытми, хамэ къэралхэм щылажьэ ди Iуэхущ1апIэхэу ахэр зэкIуалIэхэм апхуэдэ гупыжьым хуэфащэ пщIэм гульытэ щыхуащIыркъым кIи мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум тэмэму телажьэркъым».

Къыхэгъэщыпхъэщ Президентым и жэрдэмым и фIыгъэкIэ, урысей паспортыр къыдахьнымкIэ Iэмалхэр Польшэм, Финляндиэм, США-м, Ираным, апхуэдэуи зи щIыналъэр Урысей империм хыхьэу щыта нэгъуэщI къэралхэм я цIыхухэм яIэ зэрыхъуар.

Путин Владимир къельытэ визэ хабзэр ямыкъутэжауэ, «итэжьIапIэкIэ зэгъэнэгъуэ уэзрымыкъуфынур». ЗэIущIэм кьрихьэлIахэм абы апхуэдэуи ягу кьигъэкIыжащ Мексикэм и Лос-Кабос кьалэм «США-м и президент Обамэ Барак куп1ЩафIэу зэрыщепсэльыпIар», а Iуэхум пЪэныкъуэхэм я сэбэп зэрыхэлъым абыи щыхьэт зэрыщытекъуар.

Урысей гражданствэр кьыдэхьным пыща Iуэхуэгъэ ди хэкуэгъуэм ящыгъэпсынщIэныр зэрыфIэкъабылым теухуауэ къэралым и Президент Путин Владимир жиIам ипкъ иткIэ апхуэдэ хабзэщIэ кьащтэмэ, адыгэхэр я адэжь щIыналъэм кьэкIуэжынымкIэ ар сэбэп хьуну кьалъытэрэ щэрджэс жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм?

Ахэр зэрепльымкIэ, кьэкIуэжьну хуейхэм а Iуэхур ипэжыпIэкIэ ящигъэпсынщIэн щхьэкIэ, сыт хуэдэу щытын хуей а хабзэр?

Апхуэдэ хабзэм лажьэу щIидзэмэ, Сириеми нэгъуэщI къэралхэмэ кьыкIыжьнуэхэр куэдкIэ нэхьыбэ хьуну фыщыгугъ?

«REGNUM» хъыбарегъащIэ агентствэм и упщIэхэм жэуап ирет Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд:**

- Сыщогугъ. Псом хуэмыдэу нэхьыбэ хьуну кьызольытэ Сириемрэ Иорданиемрэ кьикIыжьнухэм я бжыгъэр. А къэралхэм щытыкIэр ильэс плитIу хьуауэ щызэщIагъаплъэ муслымэм, палестин оппозицэхэм. А щIыналъэхэм щыпсэу щэрджэсхэр я тельхьэ мыхьэмэ, зы бэлыхь къращIэнкIэ щагъэшIэнэ эжьым кьызэрихьуар. Дамаск и куейхэу ди хэкуэгъуэхэр щыпсэуэхэм зауэ гуащIэхэр зэрыщекIуэкIрэ къуэд щакьым. А гуэзвэгъуэм кьыхэкIыу Урысеим икIэщIыпIэкIэ кьэкIуэжьну хуейщ зи псэм тешыныхь цIыхухэр. Абы ещхь щытыкIэм итщ Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэри - палестинхэр уэрамхэм мыззэ-мытIэу кьыдыхьащ, а къэралым и пащтыхь Абдалла ЕтIуанэр текIым хуейуэ кьагъэуву. Щэч кьытезмыкъэу жысIэфынущ а къэралым щыпсэу ди хэкуэгъуэхэри «шумэданэм зэрытесыр», сыту жыпIэмэ палестинхэм Иорданием власты щызыIэрагъэхьэмэ, абыхэм щэрджэсхэм кьыхуагъэгъунукъым пащтыхым и унагъуэм кьуэту, власты и тельхьэу сыт щыгъуи кьыззрекIуэкIыр. Псальэм папщIэ, Iэщэкlэ зэщIэуэзда пластинхэр 1970 гъэм зэтезыкьутахэм яхэтащ щэрджэс генералхэр.**

Урысеим и цIыхухэр Тырким, Иорданием, Израилым, Сирием зэрыкIуэфым хуэдэ дыдэу, а къралхэм щыпсэу ди хэкуэгъухэри Урысеим кьэкIуэну Iэмал яIэн хуейуэ кьызольытэ. Псом япэрауэ, визэ кьыдэхьын хуейуэ кьэзыгъэув хабзэр кьутэжьипхъэщ, лъэныкъуэитIыкIи апхуэдэ гупыжьым щыщымыIэу. Абы и upжьыкIэ, губзыгъэ зыхэль лъэбакъэуэ увынт кьэзыгъэзэжхэр къэралитIми я цIыхуу къэлытэнкIи. Апхуэдэ хабзэ ди къэралым щыувамэ, Урысеим кьэкIуэжхэр куэдкIэ нэхьыбэ хьунт.

Урысеим и цIыхуу укьалытэным гугъуехь пымыщIауэ щыщытынум адыгэхэр ильэс куэд хьуауэ поплъэ, кьызытехьукIаэхэр Совет Союзымрэ Урысей империмрэ кьыщалъхуа нэгъуэщI Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэмрэ я зэIущIэу Хамэ къэрал Iуэхуэмкlэ министерствэм щекIуэкIам. Абы къыщыщIэпсалъэм къэрал унафэщIым кьыхигъащащ УФ-м и гражданствэр етыным щыхэпльэкIэ, а Iуэхур СССР-м и цIыхуу щытахэм, апхуэдэуи къыдыгъэгъуIазэр Совет Союзымрэ Урысей империмрэ кьыщалъхуахэм ящыгъэпсынщIэныр зэрыфIэтэмэмыр, къат «РосБизнесКонсалтинг» хъыбарегъэщIэ агентствэм.**

ПРЕЗИДЕНТым кьыззрипльатэмкIэ, «хамэ къэрал зэпымыууэ щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм яIэ мыхьэнэм иджыри фIыуэ егупсысжьыпхъэщ, сыту жыпIэмэ, абыхэм ящыщ куэд я адэжь щIыналъэу къалъытэ Урысеим сэбэп къыхуэхъуну, къыдэIэпыкъуну хуейщ. Апхуэдэу щытми, хамэ къэралхэм щылажьэ ди Iуэхущ1апIэхэу ахэр зэкIуалIэхэм апхуэдэ гупыжьым хуэфащэ пщIэм гульытэ щыхуащIыркъым кIи мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум тэмэму телажьэркъым».

Къыхэгъэщыпхъэщ Президентым и жэрдэмым и фIыгъэкIэ, урысей паспортыр къыдахьнымкIэ Iэмалхэр Польшэм, Финляндиэм, США-м, Ираным, апхуэдэуи зи щIыналъэр Урысей империм хыхьэу щыта нэгъуэщI къэралхэм я цIых

Экономикэ Политикэ

Махуэ къу

Кавказ Ищъэрэ Жылагъуэ Іуэху

СыткІэ ядэІэпыкъуфыну?

● Псэукіэ

Финансхэмкіэ министерствэм кыхьелхьэ нэхъ хуэмыщІахэм я бжыгъэр щІэрыщІэу кьабжьыкыну. Я мурадщ «къулейсызыгъэм и щІалэ» ягъэувыну. КъулыкъущІэхэм дыкъагъэгугъэ мы Іуэхур сэбэн яхуэхьуну къэралыр зыдэІэпыкъун хуейхэм. Арщхьэкіэ Іэщіагъэлікхэр щоношнэ а лэжьыгъэр езы къулыкъущІэхэм фІэкІа нэгъэущІхэм кьахуэмыщхьэпэну.

КЪЭРАЛ статистикэм кьет мы зэманым ди къэралым и цІыху мелуан 18 къулейсыз дыдэу псэуэ. Ар изгъабэ елытагъэу процент кыкІэкІэ нэхъыбэщ, ауэ 1990 гъэхэм тепщІыхьмэ, хуэдитІкІэ нэхъ мащІэщ. Абы щыгъуэми, нэхъ къулейсызу кьалытэр псэун папщІэ цІыхум нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейхэм яльэмыІэс цІыхухэрщ. Ахъшэм тещІыхьауэ ар сом мини 6-м зы мащІэкІэ щІегъу. Абыхэм мы зэманым къэралыр зэрадэІэпыкъури мащІэ дыдэщ.

«ГъэщІэгъуэныр зыщ: къулейсызхэр диІэщ, арщхьэкІэ абыхэм ядэІэпыкъуи щыІэкъым, - жеІэ экономикэ политикэмкІ Гайдар и цІэр зезыхьэ институтым и лабораторэм и унафэщІ Назаров Владимир. - Къулейсыз дыдэу псэуэхэр зыщыгугъыфынрщ ЩІалнальэхэм щызекІуэ льготэ гуэрхэщ. Псальэм и хьэтыркІэ, ЖКХ-м и уасэхэм хукІэрагъэхунырщ, анэ хуэмыщІахэм ядэІэпыкъунырщ. Мис абдежым щеух льготэхэр».

Апхуэдэу щыт пэтми, иджы къэралым кьалэну зыхунгъэувяжащ къулейсыз дыдэхэм я мызакъуэу, хуэмыщІахэми ядэІэпыкъуну. Псори зыхуэгъэзар къулейсызыгъэр гъэкІуэдыжьпэнырщ. Ауэ «ФБК» компаниием стратегие зыужьыныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІ Николаев Игорь захуагъэ хэлъу кьыззэрихигъэщІымкІэ, нэхъ хуэмыщІа цІыху мелуан 18-м ядэІэпыкъуным зы бюджети пэлъэщынукъым. Абы кьыхэкІыу кьулыкъущІэхэм мурад ящІащ псом япэу зыдэІэпыкъуну унагъуэхэр, абыхэм я сабийхэр ягъэбеджьыкІыну икІи ахэр зэрыхуэфащэкІэ чэзум ягъэувыну. Зи гугъу тщІы министерствэм кьыхилхьэ Іуэхуэхэри псом япэу зыхуэгъэзар араш.

«Псом япэу ар зыхуэунэтІар унагъуэм псэуныгъэм тригъэкІуэ- кьыджеІэ ЭкономикэмкІэ школ нэхьыщхьэм Социальэ политикэмкІэ, социально-экономикэ программэхэмкІэ и институтым и Іэтащхьэ Смирнов Сергей.

- Абы гъэщІэгъуэну хэтІыгъуэр я мыльку зэхэлъым гу зэралъыригъэтэныр щІ. Псальэм папщІэ, зи закъуэу зи гъащІэр езыхьэкІ пенсионерым гукъеуэншэу псэун папщІэ щІыІалъэ, телевизор, хьэкъущыкъхэр иІэн хуейщ. Ауэ цІыхуитху зыщІэс унагъэм щыщ дэтхэнэ зыми щІыІалъэ, телевизор имыІэныр Іэмалыщэкъым - абы кьигъэсэбэпыфынрщ зыщыщ унагъуэм ейхэр. Мыр Іуэхушхэкъым. АрщхьэкІэ мы хабзэр ерыскъыпхъэхэм тещІыхьакъым.

Гурыуэгъэщ зы мыхьрысэкІэ унагъэм щыщ псоми я ныбэ из зэрымыщІыфынур. Зы щыгъынкІи пхуэпэфынукъым - адэмрэ къуэмрэ зы бэлъто закъуэкІэ кьахуэкІухьынукъым. Пэжщ, нэгъэщІ кьэралхэм щыІэщ цІыху нэхъ хуэмыщІахэм зрадэІэпыкъу апхуэдэ Іэмал куэдыкІей.

«Сэ къулейсыхэм я бжыгъэр кьыззэрабж щІыкІэмкІэ сыарзыкъым. Арыншами ди деж ар щагъэмащІэ», - жеІэ Николаев Игорь. - Европэм къулейсызыгъэм и мардэр мыпхуэдэу щагъэри: цІыхум курыт лэжьапщІэм нэхър нэхъ мащІэ кьыІэрыхьэмэ, ар къулейсызщ. Дэ ди къэралым апхуэдэ пщалъэ щагъэуващ. Абы ипкъ иткІэ, къулейсызыгъэм и гъунапкъэм щыщидзэнур сом мин 11-м деж, нэхъ хуэмыщІауэ псоуэхэм я бжыгъэм хуэдэ 1,5-кІэ хэхъуэрщ. Дэ иджыри дыхущІокъу къулейсызхэм нэхъ къулейсыз дыдэхэр кьыхэтхыну. Дауи, гурыІуэгъуэщ тэмэму мыпсэуфыну цІыхухэм дадэІэпыкъун зэрыхуейр.

«Мыри кьэльытапхъэщ : «Къулейсызыгъэм и кууагьыр кьахутащ, арщхьэкІэ нэхъ хуэмыщІахэм зрадэІэпыкъуну хабзэр иджыри зохалъхьакъым, - щІегъуэ Смирнов Сергей. - Кьащтэ унафэхэр ягъэзэщІэнэр тхылъымпІэм кьинэжьнрэ зыми ищІэркъым».

ОКУНЕВЭ Ольгэ.
«Аргументы недели».

Иджы я фІэщу кьыщІэкІынущ: УФ-м и МВД-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ кьызэрагъэпэща лэжьакІуэ гупым Интернетым щызэхуэхьэсынущ полицэм и лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным теухуауэ цІыхухэм кьыхальхьэхэр. Ар щыжІащ МВД-м и реформэм теухуауэ Урысейм и юрис гъэм я ассоциацэм щекІуэкІа зэІущІэм.

Къалэнхэр инщ

● Полицэ

ПЭЖЫМ ухуеймэ, апхуэдэ гуэр нэхъапэм щыІащ. ДощІэж а Іуэхур сыт хуэдэу нухами. Арщхьэкіэ лэжьакІуэ гупым хэтхэм дыкьаГъэгугъэ цІыхубэм и Іуэху еплыкІэхэр фэрыщІыгъэ гуэрри хэмылъ кьалытэну. Кьыхалъхьэ дэтхэнэ Іуэхуми гупсысыну хэпльэнущ. Лэжьакіуэ гупым хагъэхьазырэ зыхуэдэм кьыбжеІэ реформэр щэхуу зэрырамыгъэхьІыныр.

РеформэмкІэ советым жэуап зэхэм и секретарь хуэщ иджыблагъэ Урысейм кьэралкІуэцІ Іуэхуэхмкіэ и министрым и дэІэпыкъуэгъуэ яГъуэва, юстицэ щІэныгъэхэм я доктор, милицием и генералмайор Овчинский Владимир. МВД-м щрагъэкІуэкІыну реформэм зэрелъ щыкІэр абы зэІуІэм щыжиІащ. Абы и Гъуэсу кьэпсэльащ УФ-м и юристхэм я зэгухьанысыгъэм и президиумым хэт, УФ-м и Правительствэм и лІыкІуэу суд нэхъыщхьэхэм щыІэ Барщевский Михаил, Кьэрал Думэм Щынагъуэншэрэ къэрпущэм пэщІэтынымкІэ и комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ Хинштейн Александр, нэгъуэщІхэри.

Барщевский Михаил: Реформэхэм я ипэ лъэхъэнэм цІыхухэм я Іуэху еплыкІэр кьалытакъым. Абы дришэлІащ дызыхуэІам. Колокольцев Владимир кьэрал кІуэщІ Іуэхуэхэмкіэ министр яГъэва иужь, псори тепсэльыхь хуэщ МВД-м и реформэм и лъэхъэнэщІэ кьызэрыуІэхуам. Абы лэжьакІуэ гупым хигъэхьащ Іуэхум хэзыщІыщ, гудзакъэ зыхэль цІыхухэр. Иджы сыхуейт ахэр мы Іуэхум зэрырегъэщІэнэ.

Овчинский Владимир: сыт реформэхэр кьащІемыхьуІар? ЦІыхухэм мурадыфІхэр зыхуагъэувыжат, хуейт хабзэм и зэфІэкІыр кьаІэтыну. АтІэ сыт и цІыхузсыгъуэр?

Псом япэу я лэжьакІэм зэрырамыгъэхьуэжащ. Псальэм папщІэ, иужь ильэс 12-м хабзэхьэмэ унафэщІэхэм кьыджаІащ кьэралым щІэпхьаджагъэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ щыхьуу. Ауэ ар пэжтэкъым. А ильэс псоми лей кьаззэрытехьам щхьэкІэ закъыуэзыгъэзаХэр нэхьыбэ хьу зэпытт. Кьэдгъэльэгъэнщи, 2000 гъэм апхуэдэ лъэІуКІэ мелуан 137-р кьэтхъэусыхащ, 2011 гъэм - мелуан 24,5-рэ. Абы щыгъуэми, хабзэхьумэ органэхэм я тхьэусыхафэхэр зэпымыуу я нэхъ мащІэ хьурт - 2000 гъэм мелуаниІ 3, нэгъабэ - мелуани 2-м нэблагъэ.

КьызэрыщІэкІымкІэ, нэгъабэ цІыхухэм я тхьэусыхафэ мелуан 22-рэ а пцІым хисхьащ. Зэвгъэпщэн папщІэ: щІэпхьаджагъэхэр куэдкІэ щыпэхь мащІэ Германием нэгъабэ тхьэусыхафэ мелуани 6 щатхащ. Норвегием щыдыгъуэхэр Урысеи щыдыгъуэхэм нэхъро нэхьыбэу кьыщІэкІ.

Мис а бжыгъэ нэпцІхэр я тегъэщІапІэу щыуагъэ ящІащ полицэм и лэжьакІуэхэмрэ абы и Іэнатіэхэмрэ гъэмэщІэным теухуауэ.

Абы кьыхэкІыу иджы хабзэм щІэгъэувэжкІ хуейщ ялэжь щІэпхьаджагъэхэр полицэм ихтыным и Іуэхур. Апхуэдэу кьамылъытэу хьунукІым. лэжьакІуэхэм я зэфІэкІыр. Аттестацэ зэрырагъэкІуэкІар сут хуэдэу?

Бжыгъэхэр зэхуэбгъэхъумэ, унафэщІыр кьыпхуэарэзыкІэ, уфІщ. Апхуэдэу ущымыгъэ, Іуф.

Овчинский Александр: Сэ кьызэольытэ иджыри кьэс МВД-м реформэм щемыкІуэкІауэ. Псальэ тарэфарэхэмкІэ псори зэфІагъэкІырт. Тэмэму хэльар тІу кьудейщ: полицэм и лэжьакІуэхэм я улахуэхэм зэрыхагъэхьуамрэ полицэм теухуа законодательствэ щыІэ зэрыхьуамрэщ. ИтпжкІэ МВД-р зэрызэжьар президентым и Указ 38-м тетщ.

Реформэм зэфІигъэкІыфрэ кьым нэхъ мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхуэхэр зэрагъапщэ, апхуэдэу Іуэхуэхэр зэхагъкІ. СМИ-м ятхъхэм кІэльоплъ, журналистхэм кьаІэт Іуэхуэхэм кьрикІуэр зэхагъэкІ.

Барщевский: Сэ си щхьэкІэ соцыхьу кьэрал кІуэцІ органхэм я лэжьакІуэхэу пщІы. Ди Іэщіагъэм хуу дыдэу хэзыщыкІзым иджыри кьулыкъу ещІэ, адрей бгъур реформэм зыдиІэкІ. Сыт и щхьэусыгъуэр? Ар кьыззэрыгъэкІ: абыхэм я унафэщІхэу кьэнэжат бжыгъэхэр зэрырыуейуэ кьагъэльэгъуэну зыкІэфІэкъэр. Хабзэхьумэхэм зэкъошу сащецІыхьэкІэ хьжь сщохьу куэдым я Іэщіагъэм зэрыхамыщІыкІыр.

Хинштейн: Мы зэманым дэІэмал дгъуэтащ щытыкІэр едгъэфІэкІуэжьыну. Ди тхыдэщІэ дыдэм щыяпэу МВД-м и унафэщІ хьуащ милиционер кьызэрыгуэкІыу лэжьэн кьыщІэзыдза цІыхур.

Овчинский: МВД-м и унафэщІхэм кьапэщыт кьалэнхэм ящыщ зыщ езым и шынагъуэншагъэмкІэ кьудамэхэм я лэжьэкІэр зыхуэдэнур гъэбелджьылынщ. ЩІыналъэ куэдым я апхуэдэ кьудамэхэр зытелажьэр я унафэщІхэм я шынагъуэншагъэр кьызэрэгъэпэщынырщ.

Барщевский: Сэ мыпхуэдэу Іуэхум соплъ. Колокольцев Владимир щІэпхьаджагъэхэм, ахэр зыпэжьажэр сэтеІ кьызэращІым, лэжьакІуэхэр кьызэрыхах щыкІэм теухуауэ пэжыр жиІэмэ, ар тхыдэм кьыхэзгъэщІ. Жылагъуэм пэжыр кьыщІэзгъэ зэрыгъэщІ. Пэжым дыщымыгъуаззмэ, дэ тщІэнур тщІэрыкІ. Пэжым дыщымыгъуаззмэ, дэ тщІэнур тщІэрыкІ. Пэжым дыщымыгъуаззмэ, дэ тщІэнур кьыщІэзыгъэ я Іэщіагъэм зэрыхьам.

КУЛИКОВ Владислав, ФАЛАЛЕЕВ Михаил.
«Российская газета».

Сыт ящІэ ЭкономикІэ ЭнатІэ

Яхуэмыгтк Іиинуу къыхуреджэ

Иджыблагъэ Путин Владимир Іущіащ УФ-м и Президентым и деж хьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэхэр хуэмэнымкІэ щыІэ уполномоченнэ Титов Борис. Ахэр зэгъуэсэу тепсэлыхьащ бизнес-омбудсменым пригъэкІуэкІыну дэжьыгъэр зыхуэдэм. «Сэ кьыхэслъхьэну сыхуейт экономикэ Іэнатіэм уголовнэ законодательствэр нэхъ щабэу хущытыну. Абы мы зэманым ныкъэщхуэ нІэщ», - жеІащ Титов.

ИУЖЬКІЭ Іуэху пыухыкІахэм хуэжІуащ: «хьэрычэтыщІэ Іэнатіэм кьащІихьуэхэм яхуэгъэзэа уголовнэ Іуэху кьыщІэзгъэтпхъэр граждан судыр хэпльэу абы и унафэр ямыгъэззэщІауэ щытмэщ».

Титов Борис и жэрдэмым Путиныр зэуэ арэзы теухуэнасым, ятэ щьыпІэ Іэщіагъэлікэм ечэнджэщын хуейуэ кьилытэрэр.

Омбудсменым кьигъэнэхуащ нэгъуэщІ жэрдэмыщІэ зыбжанэ. Псальэм папщІэ, жиІащ ныкъэчтыщІэ іэкъэльым хэтхэм экономикэ статьяхэмкІэ уголовнэ тезыр тральхьэн хуэмейуэ - «ахэр хабзэм ятэу ебакъуэу арамэ икІи ирата хэщІыныгъэр кьанэ щымыІэу япшьыкъамэ».

Абы кьыдэкІуэу, Титов Борис кьиІэтащ суд унафэр щытрахьыж пІалъэр ящІэсит! нэхърэ мынэхьыбэным и Іуэхур: «мы зэманым бизнесмен куэдыкІей щыІэщ зэгъэр зэкІэзэпаудауэ, арщхьэкІэ Іэджэ хъуауэ ахэр хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэм хьиІэжьыфыркъым суд унафэр зэрытрамыхьыкъам кьыхэкІыу».

СЕМУШКИН Сергей.
«Комсомольская правда».

Кулейхэри къулейсызхэри нэхъыбэ мэхъу

● Мылъку

2011 гъэм Урысейм кьулей дыдэхэм я бжыгъэмкІэ дунейм епІанэ увыпІэр щиубыдащ, епщыкІуэанэ увыпІэм кьикІри. Ар кьэгъэльэгъуащ «Бостон Консалтинг Грунт» компаниеи илъэс кьэс иригъэкІуэкІ апхуэдэ кьэхутэныгъэхэм.

ЗИ мылъкур доллар меуаниІ 100-м щІигъу олигархэм я бжыгъэр Кьухьэпіэм щехуэхауэ, ауэ Урысейм щыхэхьауэ кьыщІэкІащ. 2010 гъэм зэрыхъур 607-т, нэгъабэ 686-м нэсащ. Процент 13-кІэ нэхъыбэ хьуащ! Абы щыгъуэми, кьэрал статистикэм кьызэритамкІэ, цІыху кьызэрыгуэкІхэм я хэхъуэм зэрызиІэтар зы процент закъуэкІэщ!

ЦІыху кьулей дыдэхэм псори зэхэту доллар мелард 500 яІэщ, Урысейм и адрей цІыху псоми яхуэзэр доллар мелард 800-щ!

Кьэхутэныгъэхэр езыгъэкІуэкІахэм я кьалытэр ар нэгъабэ щІыдагъэм и уасэр зэрыдэуеям кьишауэ. Ауэ щІыдагъэр нэхъ пІд хьууэ хуежьащ. Дауи, кьулей дыдэхэр хунэсащ офшорхэм, нэгъуэщІ кьэралхэм я банкхэм я ахъшэр щагъэпщкІуи. Кхъухьхэр, унэ уардэхэр, футбол клубхэр кьащхэхуащ - нэгъабэ Урысейм зэи хуэмыдэу мылъкушхуэ дыдэ ирашащ. АтІэ сыт кьахуэнэжыр мелуанырыбжэхэм щымыщ цІыхухэм? Дэ зэхэдох къэралым и банк нэхъ ин дыдэм и Іэтащхьэм ахъшэр валютэкІэ хъумапІэхэм хилъхьану кьызэрыхуриджэр. Ауэ экономикэм зегъэужьын зэрыхуейм техуэауэ жиІэІауэ зэхэтхыркъым. Долъагъу бэзэрхэм зэуэ уасэхэр зэрыщыдэкІуеяр - балыджэри щІыдагъэм ренхащ... ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэр нэхъ лъапІэ хуауэ. А псори урысей кьулейсызхэм я дежкІэ хьэлъэІуэкъэ?

«Аргументы и факты».

Къулейсызыгъэм и щІалэ

● Псэукіэ

Бгъэмбарым и щхьэц налъэ зыбжанэрэ щыгъынхэмрэ кьуэльлъатэ щхьэхуэмкІэ махуэ гъэнэфагъэм Эмиратыр Хьэрыр Зэгуэтхэм (ОАЭ) кьэрашынурэ Гроэнэ нагъэсынущ.

- АР дунейм мусылманэу тетыр зыщІэхъуэпс Іуэхущхэу дыдэщ, - кьэхь Кадыровым Рамзан и псалъэхэр ШР-м и правительствэм и сайтым.

- Ахэр ди деж кьашэнущ шейх Ахьмэдрэ абы и унагъуэм щыщ- хэмрэ. ЩІэщІ налъэхэмрэ щыгъынхэмрэ шейхым и унагъуэм игъащІэкІэ щахъумэнущ, бегъэмбарым кьытехуэхуІахэм ахэр ящыщщи. А фэеплъхэр шейхым и унагъуэм нэхьапэм зэи икІакъым, - щыжІащ республикэм и Іэтащхьэм и пресс-Іуэхущапіэм. - Ахэр Гроэнэ щагъэлъэгъуэну мурад ящІащ Ахьмэт-Хьэжьмрэ Кадыров Рамзанрэ цІыхухэм испытам динэр кьащІэнымкІэ фІыщІэ дыдэ зэрэІэр кьалытэри.

КЛИМОВ Виталий.
«Комсомольская правда».



● Гъуэзджэ

Мексикэм икІа актриз, режиссер, продюсер Хайек Сальмэ къальытэ Латинэ Америкэм щыщу Голливудым зи Іуэху нэхъ къыщІкІ дыдэу. Мыгувэу ягъэлъэгъуэнущ аргуэру ар зыхэт фильмитІ - «Псом хуэмыдэу щынагъуэхэр», «Рипшым и Лы пІащэ» жьхуэІэхэр.

Къэхъуэщым ухуэзышэ унэ уардэ

● ХабзэщІэ

Езыхъэм я хэхъуэхэм щхьэдэх уаеэ зиІэ къьапсэхэр къэзыщэху я къулыкъущІэхэм къьхъэущыр я унапІэ хъункІэ зыхуэІуа щыІэкым.

КЪЭРАЛ Думэм япэ єджэгъуэу кьыштащ кьэрал кьулыкъущІэхэм яІэ хэхъуэхэмрэ мылъкуу ябгъэдэпъымрэ зэрызэхуэкІуэр.

Хабзэр кьащтэмэ кьулыкъущІэ псоми кьалэн щащІынущ пьапсэ, ахъшэщхуэ и уасэ нэгъуэщІэр къщхуным трагъэкІуэдахэр, апхуэдэу я щхьэгъусэхэм, балигъ мыхьуа я бынхэм яІэ мылькур зыхуэдизыр кьагъэльэгъуэну.

Зи гугъу ящІыр щы, транспорт, тхылъымпІэ пІалэхэр кьызэращэхурщ.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, апхуэдэ кьэпщытэнкІэр ирагъэкІуэкІ хъунущ, хабзэхьумэ Іэнатіэхэм я мызакъуэу, политикэ партхэми, СМИ-хэми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми.

Нужь иІъэсищым кьулыкъущІэм кьыІэрыхьа хэхъуэхэмрэ мылъкуу иІэмрэ зэхуэмыхьымэ, судым абы хунгъэувынущ хабзэншагъэкІэ зыІэригъэхьа мылькур кьэралым иритыжыну.

Дауи, мы хабзэр щІэгъэкъуэн хуэхъунущ коррупцэм пэщІэтынымкІэ. КьулыкъущІэхэм хьэжьвакъэжьышхэм унэ ГъапсээІ дзгъуэ, машинэ зыкьыхьщІ, щы иІэмэ, абы кьэпщІакІуэхэм ягурыгъэІуэн хуейщ а псор кьыздикІыжьрэ Іефмэ, а псори фІэкІуэдыжьІкІэ хьунущ. Прокуратурэм и лэжьакІуэхэр хуитынущ а мылькур кьэралым етыным теуХуа Іуэху суд пащхьэм кьышІдэтыну ар кьыззэрыщІыгъэм щІыхьэт техьуэ зэхуэхьэсэну.

А хабзэм кьыдэкІуэу, зы зэманым япэ єджэгъуэу кьащтащ кьэралкьулыкъущІэхэм я хэхъуэм зэрыкІэльыпльынym теуХуа законым и проект. Ар зи жэрдэм «Урысей зэкъуэт- партым щыщ депутатхэм кьыхальхьащ прокуратурэмрэ Росфинмониторингымрэ я лэжьакІуэхэр кьулыкъущІэхэм я мылькур зыхуэдизыр кьапщытэну хуит щІыну. Я улахуэ кьызэрыгуэкІхэмкІэ кьат зыбжанэу зытет унэ уардэхэр зэрауХуа щІыкІэр кьажьезымыІэф кьулыкъущІэхэм я псэуалъэхэр трахын, уеблэмэ лъэхъущым кьыщІэхутэнкІэ хъунущ.

А псоми кьадэжьуэу законопроект зыбжанэ ягъэхьэзыр бюджет хэщІыныгъэхэм парламентыр кІэлъыплъынym хуэунэтІауэ.

Сыт абы теухуауэ Іуэхум хэзыщІыкІэм жаІэр?

ВАСИЛЬЕВ Юрий, *Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкІэ и комитетым и эр:*

- Ищхьэрэ палатэм и унафэщІхэм ди лэжьакІэм зэхъуэжьКІыныгъэ хальхьэну я мурадщ. Кьапщтэмэ, правительствэ сыхьэтым кьриуфыбдзу я лэжьыгъэм теуХуауэ министрым отчет ищІа нэужь, кьэпсэльэн хуейщ Кьэзыйбж палатэм и аудитору а министерствэмрэ Іэнатіэмрэ зи нэІэ тезыгъэтыр.

КьыхэзгъэщІыну сыхуейщ а Іуэхум коррупцэм пэщІэтынымкІэ нІэ мыхьэнэр зыхуэдизыр. Псалъэм и хьэтыркІэ, ар Іэмальфіхэр кьэралымрэ щІыпІэхэмрэ зыхуэныкъуэ хьэпшьпхэр кьащхэхуным трагъэкІуадэ бюджет ахъшэр зыхуэдизым кІэльыплъынымкІэ. Кьэзыбж палатэм иригъэкІуэкІа кьэпщытэныгъэхэм кьызэрагъэльэгъуамкІэ, мы гъэм япэ мазищым а Іуэхум хуаутІыпща мылькум и процент 40-м нэсыр кьулыкъущІэ дыгъэгъуакІуэхэм я жьпхэм икІуэдащ. Псорри зэхэту бзэхащ сом мелард 11-м щигащ.

Мис араш дызыхуишэр зэгуры Іуэныгъэхэр зэрагъэзащІэ щыкІэр кьызэрамыпщытэм.

Кьэзыбж палатэм и коллегием иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм кьыщІахьащ Іуэхущапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм, кьулыкъущІэхэрэмышхэм бюджет ахъшэхэр кьызэрагъэсэбэп щыкІэр кьэралі, жылагъуэ кІэльыплъыныгъэм зэрыщІэмытыр кьэзыгъэльэгъуэ щапхъэхэр. Мылькур пэрыуэнщэу зраГъэфаІэ Іэмал кьызэрыгуэкІкІэ - зыгуэр кьащхэхум, уасэ гъьапІей кьагъэльэгъуэ. Бюджет ахъшэр хуаутІыпщ сымадэщхэр, школхэр, гъуэгухэр, псы жанІэхэр ухуэным, ауэ ахэр ящІыркъым. АрщхьэкІэ щыпІэ кьулыкъущІэхэм унэ уардэхэр яухуэ, машинэфІхэр кьащэху, нэгъэщІ къэралхэм зыщагъэпсэху.

Кьэзыбж палатэм и аудиторхэм кьатэщІа щапхъэхэм щыгъуаз зыщыпщІкІэ, тезыдж пщохьу кьулыкъущІэ гуэрхэр зыкІи мышынэу бюджет ахъшэр зэрызыІэщІагъэльэгъуэну кьэдкІэ щыпэхь мащІэ Германием нэгъабэ тхьэусыхафэ мелуани 6 щатхащ. Норвегием щыдыгъуэхэр Урысеи щыдыгъуэхэм нэхъро нэхьыбэу кьыщІэкІ.

Мис а бжыгъэ нэпцІхэр я тегъэщІапІэу щыуагъэ ящІащ полицэм и лэжьакІуэхэмрэ абы и Іэнатіэхэмрэ гъэмэщІэным теухуауэ.

Абы кьыхэкІыу иджы хабзэм щІэгъэувэжкІ хуейщ ялэжь щІэпхьаджагъэхэр полицэм ихтыным и Іуэхур. Апхуэдэу кьамылъытэу хьунукІым. лэжьакІуэхэм я зэфІэкІыр. Аттестацэ зэрырагъэкІуэкІар сут хуэдэу?

Бжыгъэхэр зэхуэбгъэхъумэ, унафэщІыр кьыпхуэарэзыкІэ, уфІщ. Апхуэдэу ущымыгъэ, Іуф.

Овчинский Александр: Сэ кьызэольытэ иджыри кьэс МВД-м реформэм щемыкІуэкІауэ. Псальэ тарэфарэхэмкІэ псори зэфІагъэкІырт. Тэмэму хэльар тІу кьудейщ: полицэм и лэжьакІуэхэм я улахуэхэм зэрыхагъэхьуамрэ полицэм теухуа законодательствэ щыІэ зэрыхьуамрэщ. ИтпжкІэ МВД-р зэрызэжьар президентым и Указ 38-м тетщ.

Реформэм зэфІигъэкІыфрэ кьым нэхъ мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхуэхэр зэрагъапщэ, апхуэдэу Іуэхуэхэр зэхагъкІ. СМИ-м ятхъхэм кІэльоплъ, журналистхэм кьаІэт Іуэхуэхэм кьрикІуэр зэхагъкІ.

Барщевский: Сэ си щхьэкІэ соцыхьу кьэрал кІуэцІ органхэм я лэжьакІуэхэу пщІы. Ди Іэщіагъэм хуу дыдэу хэзыщыкІзым иджыри кьулыкъу ещІэ, адрей бгъур реформэм зыдиІэкІ. Сыт и щхьэусыгъуэр? Ар кьыззэрыгъэкІ: абыхэм я унафэщІхэу кьэнэжат бжыгъэхэр зэрырыуейуэ кьагъэльэгъуэну зыкІэфІэкъэр. Хабзэхьумэхэм зыкъош сащецІыхьэкІэ хьжь сщохьу куэдым я Іэщіагъэм зэрыхамыщІыкІыр.

Хинштейн: Мы зэманым дэІэмал дгъуэтащ щытыкІэр едгъэфІэкІуэжьыну. Ди тхыдэщІэ дыдэм щыяпэу МВД-м и унафэщІ хьуащ милиционер кьызэрыгуэкІыу лэжьэн кьыщІэзыдза цІыхур.

Овчинский: МВД-м и унафэщІхэм кьапэщыт кьалэнхэм ящыщ зыщ езым и шынагъуэншагъэмкІэ кьудамэхэм я лэжьэкІэр зыхуэдэнур гъэбелджьылынщ. ЩІыналъэ куэдым я апхуэдэ кьудамэхэр зытелажьэр я унафэщІхэм я шынагъуэншагъэр кьызэрэгъэпэщынырщ.

Барщевский: Сэ мыпхуэдэу Іуэхум соплъ. Колокольцев Владимир щІэпхьаджагъэхэм, ахэр зыпэжьажэр сэтеІ кьызэращІым, лэжьакІуэхэр кьызэрыхах щыкІэм теухуауэ пэжыр жиІэмэ, ар тхыдэм кьыхэзгъэщІ. Жылагъуэм пэжыр кьыщІэзгъэ зэрыгъэщІ. Пэжым дыщымыгъуаззмэ, дэ тщІэнур тщІэрыкІ. Пэжым дыщымыгъуаззмэ, дэ тщІэнур тщІэрыкІ.

КУЛИКОВ Владислав, ФАЛАЛЕЕВ Михаил.
«Российская газета».

● Шэшэн

Мэмэд бгъэмбарым и фэеплъхэр

Бгъэмбарым и щхьэц налъэ зыбжанэрэ щыгъынхэмрэ кьуэльлъатэ щхьэхуэмкІэ махуэ гъэнэфагъэм Эмиратыр Хьэрыр Зэгуэтхэм (ОАЭ) кьэрашынурэ Гроэнэ нагъэсынущ.

- АР дунейм мусылманэу тетыр зыщІэхъуэпс Іуэхущхэу дыдэщ, - кьэхь Кадыровым Рамзан и псалъэхэр ШР-м и правительствэм и сайтым.

- Ахэр ди деж кьашэнущ шейх Ахьмэдрэ абы и унагъуэм щыщ- хэмрэ. ЩІэщІ налъэхэмрэ щыгъынхэмрэ шейхым и унагъуэм игъащІэкІэ щахъумэнущ, бегъэмбарым кьытехуэхуІахэм ахэр ящыщщи. А фэеплъхэр шейхым и унагъуэм нэхьапэм зэи икІакъым, - щыжІащ республикэм и Іэтащхьэм и пресс-Іуэхущапіэм. - Ахэр Гроэнэ щагъэлъэгъуэну мурад ящІащ Ахьмэт-Хьэжьмрэ Кадыров Рамзанрэ цІыхухэм испытам динэр кьащІэнымкІэ фІыщІэ дыдэ зэрэІэр кьалытэри.

КЛИМОВ Виталий.
«Комсомольская правда».

● Жылагъуэ Іуэху

Я пщІэмрэ зэфІэкІымрэ хохъуэ

Федеральэ министерствэм, къулыкъущІапІэ псоми я деж кьыщыззэрагъэпэща жылагъуэ советхэм мэгумэзу зэхъуэгъэныгъэхэр ягъуэтынущ. Ахэм пагъэкІынущ «дэж» псальэр. Абыхэм я пщІэмрэ зэфІэкІымрэ зэуэ хохъуэнущ «Жылагъуэм кІэлъыплъынym и Іуэхуэм» федеральнэ законыр кьащтэмэ. «А проектым япэ щыкІэ цІыху куэд трагъэпсэлъыхьынущ», - щыжІащ Жылагъуэ палатэм и комиссэм и унафэщІ Дискин Иосиф. Жылагъуэ советхэм я лэжьыгъэр зэщІэзыгъэуфу комитетым и зэІущІэм кьыщыпсальэу.

АБы кьыхигъэщхьэхукІащ иджыри хэзгъэ министрэхэмрэ кьулыкъущІапІэхэм я Іуэхуэхэмрэ зыхуейхэр хагъэхьу советхэр кьызэрагъэпэщу щытамэ, законым зэхуэдит! хабзэр зэригъэувыр - Советхэм хэтынухэм я процент 50-р зыгъэкІуэнур Жылагъуэ палатэрщ.

- Зыми зыри пщІэувэнукъым. Псори зытращІыхьыр властымрэ жылагъуэмрэ зызэхащІыкІыу зэдэлэжьэнырщ, - жиІащ Жылагъуэ советхэм я лэжьыгъэр зэщІэзыгъэуфу я кьуэдзэ Гутенев Владимир. ЩІэуэ хальхьэр зыхуэгъэзар экономикэмрэ псэуныгъэмрэ егъэщІылІа кьалэнхэр зэфІагъэкІын папщІэ кьэралымрэ Жылагъуэм гупхэмрэ я кьарур зэгъэуІунырщ. Гутенев кьагъэгъуэщІ: жылагъуэ советхэм я зэфІэкІым зэрыхэхъуэм кьыхэкІыу абы мыхьэнэ ин дыдэ яІэнущ. Псалъэм папщІэ, кьэрал программэ, Правительствэм и унафэхэм я проектымкІэ гъуэгу я гъуэтынукъым Экспертхэм ахэр кьеззэгъыу кьамылъытауэ. «Советхэр зыми и унафэщІ зэхъуэкІыным, зыми и дамэ щІэувэнукъым, ахэр тыншу хэззэгъэщІ кьиззэрагъэпэщыну Правительствэм зэІухам», - пищащ Гутенев Владимир. Езы експертхэм кьахальхьэ нэхъ жьыкъэ Іэбэну - властым и Іэнатіэхэм зыщІагъэкъуэн мурадкІэ зэдэлэжьэным теуХуа зэгурыІуэныгъэ зэращІы- лІэну. Псальэм и хьэтыркІэ, Монополием и бий Федеральнэ Іэхуэщ Іапі эм, Промышленностымрэ сатумкІэ министерствэм, Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэм, Финансхэмкіэ министерствэм я лэжьыгъэм кІэлъыплъыну.

Мы зэманым федеральнэ министерствэхэмрэ кьулыкъущІапІэхэмрэ я деж щыІэщ жылагъуэ совет 60-м щІигъу. Дэтхэнэми цІыху 20-м кьыщыщІэдзауэ 40-м нэсхэтщ. Гутенев Владимир щрэрыжьІамэкІэ, 2011 гъэм нэхьыфІу лэжьауэ кьалытащ Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ министерствэм, «Ростехнадзорым», «Росздравнадзорым». Промышленностымрэ сатумкІэ министерствэм я деж щыІэ жылагъуэ советхэр.

ЗЫКОВЭ Татьянэ.
«Российская газета».

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.